

SS.7.C.2.4

Evalye dwa yo ki genyen nan Deklarasyon Dwa yo ak lòt amannman nan Konstitisyon an.

SS.7.C.2.4 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap rekonèt senk libète ke Premye Amandman an pwoteje.

Premye Amandman an enkli senk libète endividyèl. Libète sa yo se dwa nan libète lapawòl, laprès, egzèsis relijye, rasanble san kraze brize, ak petisyon gouvènman an.

Libète lapawòl pèmèt moun yo eksprime opinyon yo. Sa enkli diskou ki ka kritike gouvènman an oswa ofisye gouvènman yo.

Libète laprès pèmèt moun yo pibliye oswa enprime enfòmasyon ak nouvèl.

Libète egzèsis relijye pèmèt moun yo pratike relijyon yo lib e liben oswa chwazi pou yo pa pratike yon relijyon ditou.

Libète pou rasanble san kraze brize vle di ke moun yo gen dwa pou met tèt ansanm nan gwoup. Gwoup sa yo ka enkli moun ki vle fè yon pwotestasyon piblik sou ide yo oswa kwayans yo.

Libète pou petisyon pèmèt moun yo eksprime enkyetid yo bay gouvènman an. Yon petisyon ka fòmèlman mande gouvènman an pou chanjman nan lwa a. Epitou li ka enkli siyati moun sa yo ki sipòte chanjman yo.

Sous:

“Featured Cases.” *Landmark Cases of the U.S. Supreme Court*. Street Law, n.d. Web. 10 March 2014.

<<http://www.streetlaw.org/en/landmark.aspx,%20oyez.org>>

“You’ve Got Rights.” iCivics.org, n.d. Web. 10 March 2014.

<<https://www.icivics.org/teachers/lessonplans/youve-got-rights>>